DEPARTMAN DETA NYS - DIVIZYON SÈVIS LISANS

ESTETIK PRATIK
APÈSI SOU PWOSEDI EGZAMEN AN

Sa a se <u>sèlman</u> yon rezime pwosedi egzaminasyon yo. Pou plis detay sou sa w dwe atann nan egzaminasyon an, tanpri al gade *Lis Travay sou entènèt pou Pwosedi Egzamen Pratik Estetik yo.*

Men yon deskripsyon sou pwosedi egzamen y ap mande w pou w fè yo.

Y ap ba ou enstriksyon ak yon anons sou tan ki disponib pou chak seksyon nan egzamen sa a. Pa kòmanse okenn pwosedi jiskaske yo di w fè sa. Diskisyon ant kandida yo pa otorize.

W ap fè tout pwosedi yo sou yon tèt mannken ke w ap bay. Pou rezon egzamen, yo ka konsidere mannken ou an kòm menm kliyan an. Tanpri sonje ke pwodwi similasyon yo ta dwe trete kòm si yo te pwodwi reyèl la. Pou rezon egzamen an, patisipan w lan (mannken) ka konsidere kòm menm kliyan an pandan tout egzamen an.

TANPRI REMAKE: Yo dwe demontre pwosedi sanitasyon ak dezenfeksyon apwopriye pandan chak aspè egzamen sa a, an nakò avèk lwa ak règleman Eta New York pou amelyorasyon aparans lan.

PATI I - PREPARASYON ZÒN TRAVAY AK MODÈL LA (15 minit)

Lè yo di w pou w kontinye, y ap mande w pou w:

Etap 1 Retire solisyon dezenfektan sifas ki deja melanje a ak founiti ki gen rapò ak li yo nan twous ou a epi dezenfekte sifas chèz/kabann tretman ou an ak tab travay la dapre pwosedi ki nesesè yo. Asire ou atache yon sak pou fatra (bagay jetab) nan estasyon travay ou a kounye a.

Etap 2 Mete zouti ak founiti ou yo sou tab travay la yon fason ki an sekirite epi ki byen ranje pou ou ka pi byen fè rès pwosedi egzamen yo. Pwodui makiyaj ou yo ka rete nan twous ou a jouk pita nan egzamen an.

Etap 3 Prepare tretman chèz/kabann Mete tèt mannken ou an sou chèz/kabann tretman an epi drape li (kou mannken a ka rete ekspoze); ou ka itilize sèvyèt pou leve tèt manken an nan yon pozisyon ou prefere (ou pa ka itilize kranpon tab). .

PATI II - RETIRE CHEVE SIPÈFLI YO (10 minit)

Apre egzaminatè a fin verifye enstalasyon w, founiti ou yo, ak dra ou yo, epi lè yo ba ou enstriksyon pou kontinye, y ap mande w pou w:

Etap 1 Montre yon pwosedi pou retire pwal ak lasi mou sou po bouch anwo a avèk de ti bann lasi.. Demonstrasyon sa a ap mande pou itilize siwo myèl (achte nan yon magazen) kòm yon ranplasman pou vrè lasi. Siwo myèl gen yon konsistans ki sanble anpil ak lasi chofe epi ou ka retire li fasilman ak dlo.

Demonstrasyon epilasyon an ta dwe fèt kòmsi se yon vrè epilasyon w ap fè epi li ta dwe gen ladan l: prepare po a pou epilasyon; aplikasyon pwodui lasi simile kòmsi se te lasi cho; aplike epi retire bann lasi yo; epi netwaye po a pou retire nenpòt lasi ki rete.

ARÈ Egzaminatè w la ap di w ki lè pou w kòmanse similasyon pensman an.

Etap 2 Sèvi ak pensèt ou yo pou simile retire kèk pwal sousi ki pèdi. (Remak: Mannken ou a p ap bezwen sousi pou demonstrasyon sa a paske se sèlman mouvman pensèt la y ap fè; yo p ap demontre kijan pou w epile pensèt tout bon vre.)

PATI III - SWEN VIZAJ (60 minit)
Lè yo di w pou w kontinye, y ap mande w pou:

Etap 1 Netwaye epi tonifye figi ak kou mannken ou an.

Etap 2 Analize po kliyan ou an (mannken an). Analiz la pral yon similasyon epi li pral gen ladan l itilizasyon yon lanp loup ki disponib nan sit egzamen an (oswa pwòp lanp loup ou ki mache ak pil - si ou vle).

ARÈ Egzaminatè w la ap di w ki lè pou w kòmanse masaj la.

Etap 3 Fè yon masaj figi lejè sou sifas la avèk omwen kat mouvman masaj ki gen ladan mouvman efleraj, petrisaj, friksyon ak tapotman (pèkisyon).

ARÈ Egzaminatè w la ap di w kilè ou ka kontinye.

Etap 4 Simile ekstraksyon manyèl komedon yo. (Remak: Diskisyon ant kandida yo pa otorize.

Etap 5 **Aplike yon mask tretman sou kliyan ou an (mannken).**

Etap 6 Retire tretman mask la.

Etap 7 Aplike pwoteksyon lajounen.

PATI IV - APLIKASYON MAKIYAJ (20 minit) AK NETWAYAJ (10 minit)
Lè yo di w pou w kontinye, y ap mande w pou:

Etap 1 Aplike yon makiyaj konplè pou lajounen sou mannken ou an ki dwe gen ladan: fondasyon; makiyaj koreksyon (antisèn) si ou vle; poud figi; koulè machwè; omwen tout koulè lonbraj je, youn pou mete aksan sou li oswa pou fè kontou; liy anba zye; koulè sousi; kreyon pou bouch ak koulè pou bouch. (Remak: Ou p ap fè yon demonstrasyon sou kijan pou aplike maskara paske ou p ap oblije mete sil sou mannken ou an.)

Etap 2 Netwaye zòn travay ou epi re-anbale tout founiti yo. Sof si yo ba ou lòt enstriksyon, ou dwe pote fatra ou yo avèk ou.

➔ POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON DETAYE SOU EGZAMEN AN, TANPRI GADE LIS TRAVAY SOU ENTÈNÈT LA POU PWOSEDI EGZAMEN YO.